




Vèsyon 9/2022

Edikasyon Nitrisyon



Edikasyon Nitrisyon



Vèsyon 9/2022

Preparasyon ak adisyon lòt kalite manje nan MannaPack Pòmdetè-W a nan respè règ ijyèn yo

KONSEP:

Tout manje yo dwe byen prepare nan bon kondisyon ijyèn. Preparasyon gen ladan ajoute dlo pwòp oswa lòt likid pwòp nan MannaPack Potato-W a epi brase yo ansanm pou melanje yo. Manje MannaPack Pòmdetè-W a ka vin pi nourisan lè yo ajoute legim lokal yo, manje ki gen pwoteyin, ak/oswa fwi. Manje ki ajoute yo dwe byen prepare epi yo dwe ajoute pire (manje kraze) nan MannaPack Pòmdetè-W a anvan yo sèvi yo. Nou ta dwe prepare sèlman sa ki nesesè pou repa a paske yon ti bebe ka fasilman vin malad si li konsome manje ki gate.

LÒT MANM NAN FANMI AN KA MANJE RÈS MANJE KI GENYEN AN TOUSWIT OUBYEN VOYE LI JETE. PA CHOFE MANNAPACK PÒMDETÈ-W POU BAY NI TI BEBE OSWA LÒT MANM FANMI AN MANJE!

GID FÒMATÈ:

Kisa ou wè nan ranje foto ki anlè a?

Repons yo ka:

- netwayaj kote nap sèvi yo, chodyè, kiyè, ak bòl yo
- lavaj men

Ki sa ki bezwen pwòp pou prepare MannaPack Pòmdetè-W?

Repons yo ka: tout kote nap sèvi yo, chodyè, istansil, ak men nou.

Poukisa li enpòtan pou pwòpte kote nap sèvi yo, chodyè ak istansil yo, ak men w anvan w prepare manje?

Repons yo ka: pou asire ke manje a an sekirite pou manje l, epi pou li pa fè nou malad.

Kisa ou wè nan foto ki nan dezyèm ranje a?

Repons yo ka:

- MannaPack Pòmdetè- W a dwe byen prepare nan bon kondisyon ijyèn.
- kijan pou prepare repa a ak apeprè 1/3 tas dlo pwòp/potab vide nan yon tas oswa yon bòl pwòp.
- Avèk yon kiyè pwòp, ajoute 3 gwo kiyè MannaPack Pòmdetè-W. Bwase li ak yon kiyè jiskaske manje a vin yon labouyi pwès.

Kisa ou wè nan foto ki nan twazyèm ranje a?

Repons yo ka: ou ka ajoute lòt manje apwopriye nan labouyi a. Sa ki ajoute yo dwe byen prepare nan respè prensip ijyèn yo epi byen kraze yo. Legim ki apwopriye ka koupe an ti moso epi kwit yo anvan ou ajoute yo nan labouyi a. Fwi yo ka netwaye, kale, ak pire anvan ou ajoute yo nan labouyi a.